



PWOBLÈM TIMOUN YO NAN DOMÈN LEDIKASYON,
WOOD-KERMICHE CLERISIER,
4E AF, INSTITUTION MIXTE GEORGES ANGLADE
1E EDISYON KONKOU PWEZI
2E LOREYA FONDAMANTAL



*De jou an jou, mond lan ap depafini, moun yo vin pa toleran, yonn pa respekte lòt.
Sosyete a pa reprezante yon modèl ni transmèt valè ak onè pou timoun yo kopye.
Lekòl, se yonn nan enstitisyon ki la pou transmèt valè ak viv ansanm pou demen pa bay
timoun yo kalòt
Paran yo dwe voye timoun yo lekòl, ankouraje yo etidye pou demen yo pa pase anba pye*

*Ledikasyon jwe yon gwo wòl nan devlopman tout sosyete.
Yon peyi pa ka devlope san Ledikasyon pa priyorite.
Yo toujou di si w vle detwi yon peyi, ou bezwen sèlman kraze Ledikasyon l.
Nan yon peyi kote majorité timoun yo tonbe nan delenkans, se paske lekòl pèdi misyon l.*

*Timoun yo pa dwe santi yo initil, ni yo pa dwe santi lavi pa gen espwa pou yo.
Timoun dwe grandi nan lapè ak kèpoze avèk yon Ledikasyon ki la pou ankadre yo.
Pou n evite katastwòf demen, fòk nou pran avni tout timoun oserye.
Si Ledikasyon pa la pou konstwi, pwoteje ak planifye avni nou.
Ebyen, nou tout deja echwe.*

